



Pou Piblikasyon Imedya: 04/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE IMPERIUM3 NEW YORK PRAL MET SOU PYE YON
GWO FAKTORI POU FABRIKE BATRI LITYÒM-IYON NAN SOUTHERN TIER**

*Yon Konsòsyòm Konpayi Inovatè pral Pwodui Batri Lityòm-Iyon ki Meyè Mache e
ki pi Efikas nan Huron Campus nan Endicott e Krewe 230 Nouvo Djòb*

*Investisman “Southern Tier Soaring” Konplete Estrateji Global Rejyon an pou
Revitalize Kominote yo e Devlope Ekonomi an*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Imperium3 New York, Inc., yon konsòsyòm antrepriz ki gen alatèt li twa konpayi Southern Tier, pral etabli operasyon rechèch, devlopman, ak pwodiksyon nan Huron Campus nan Endicott, Konte Broome. Konsòsyòm lan pral investi plis pase 130 milyon dola e kreye omwen 230 nouvo djòb sou senk ane k ap vini yo. Imperium3 New York pral komèsyalize yon teknoloji inovatè pou fabrike batri lityòm-lyon (LIB) ki pi efikas e ki mwen chè, e l ap dirije premye gwo faktori ki fabrike LIB nan eta a. L ap pwodui twa gigawat batri disi Q4 2019 e l ap rive jiska kenz gigawat.

“Konsòsyòm antrepriz lokal sa yo ap chwazi rete e investi pwochen jenerasyon teknoloji yo isit la menm, nan Southern Tier, pou revitalize lokal ki vid e kreye plizyè santèn bon djòb pou moun New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman nou fè pou amelyore klima komèsyal la e pou ankouraje devlopman ekonomik atravè Rejyon Nò Eta New York ap pote fwi, e pwojè inovatè sa a se yon lòt egzanp fason Southern Tier ap transande.”

Se apeprè 10 konpayi ki te fòme Konsòsyòm Imperium3 NY, e twa konpayi Southern Tier prezante rèdo li:

- C4V (Binghamton) ap bay pwopriyete entelektyèl debaz la
- C&D Assembly (Groton) ap founi asanblaj tablo elektwonik e teste batri yo
- Primet Precision Materials (Ithaca) ap ofri tretman depwent materyèl yo

Lòt konpayi Eta New York ki enplike yo gen ladan Kodak ak CMP Advanced Mechanical Solutions. Mache jeneral la pou LIB kontinye grandi chak jou, e li pote sèvis bay plizyè endistri, tankou paregzanp pwojè enèji renouvlab, fabrikan machin elektrik, telefòn selilè, ak lòt fabrikan pwodwi elektwonik, pami plizyè lòt. Ekspè endistri

an konsidere batri C4V yo kòm kwa yo pi efikas e mwen chè pase lòt LIB ki sou mache a jodi a.

Imperium3 NY pral fonksyone nan Huron Campus nan Endicott, kote l ap etabli yon nouvo gwo faktori LIB 130 milyon dola. L ap anboche 232 anplwaye, pou li finalman rive a yon pwodiksyon 15 gigawat e ofri plizyè santèn djòb anplis. Pou ankouraje kolaborasyon sa a, Empire State Development te ofri rekonpans ki baze sou pèfòmans: yon total 7.5 milyon dola, ki gen ladan yon sibvansyon 4 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Nò Eta la (Upstate Revitalization Initiative) e 3.5 milyon dola kredi fiskal atravè Pwogram Travay Eksèlso (Excelsior Jobs Program). Anplis de sa, y ap atann aske Imperium3 NY kalifye pou apeprè 5.75 milyon dola nan kad Kredi Fiskal Envestisman New York (New York Investment Tax Credits).

An 2016, Yo te rekonèt C4V pou teknoloji inovatè akimilatè li yo, lè li te gayan 500,000 dola nan premye Konpetisyon “76West Clean Energy” nan Eta New York. Se Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ki te òganize 76West, e se youn nan pi gwo konpetisyon nan peyi a, ki soutni e devlope antrepriz enèji pwòp e elaji antreprenarya inovatè nan Southern Tier.

Anplis de sa, Magnis Resources, Ltd., yon konpayi piblik ostralyen, pral bay materyèl anòd ki nesèsè pou konsòsyòm nan fabrike LIB ki inovatè; e Boston Energy and Innovation, yon lòt antrepriz ostralyen ki espesyalize nan enèji pwòp, pral bay lavant entènasyonal ak opòtinite maketing. Plis pase ven konpayi entènasyonal te kalifye pa C4V kòm founisè estratejik lityòm wot kalite, elektwolit, separatè ak lòt engredyan enpòtan, bay Imperium3 NY, e sa gen ladan yon min lityòm ki a sèlman nevèdtan de Binghamton.

Doktè Shailesh Upreti, Prezidan C4V, di konsa, “Nou eksite wè kalite soutyen konsòsyòm nan resevwa nan men Gouvènman Eta New York. Fabrikasyon ki respekte anviwònman, an konbinezon avèk yon meyè itilizasyon enfrastrikti ki egziste deja, yon manyè ki byen distribye, t ap trase yon egzanp san parèy nan lemonn e fè New York vin yon lidè mondyal nan zafè fabrikasyon pwodui ak eleman pou stokaj enèji. C4V kontan anpil fè pati inisyativ ekspansyon sa a, e li pran angajman tout bon pou fè sa rive isit la menm, nan New York.”

Jeff Cronk, Direktè Egzekitif Jeneral C&D Assembly, di konsa, “Konpayi mwen an te toujou panche sou zafè lokal, konpetans ki genyen sou plas, epi sou tout mache ki egziste. Sa fè 25 an depi n ap livre pyès, konpozan, ak pwodui elektwonik fini sou mache mondyal la, e n ap chèche aktivman nouvo pwojè ki prepare lavni lèzòm. Yon atelye fabrikasyon C&D genyen prezantman fabrike sistèm jesyon batri pou jiska 20GWh chak ane, si nou di batri yo gen yon gwo 80kWh. Baz konesans nou genyen, ansanm ak bon jan konpreyansyon nou sou zafè kontwòl kalite pwodwui, t ap bay konsòsyòm New York la yon avantaj konpetitif sou mache a, e mwen trè eksite dèske mwen fè pati konsòsyòm sa a.”

Robert Dobbs, ki se Prezidan Primet Precision Materials a, te di, “Pèfòmans yon batri depann de konpozisyon materyèl li yo, ansanm ak karakteristik patikil yo. Yon bon kontwòl fòm ak gwo patikil yo, se kle pou yon molekil bay pi bon pèfòmans. Primet te

devlope e demontre teknoloji poud li a alechèl komèsyal, avèk divès kalite materyèl yo itilize nan LIB. Nou pwouve abilite nou pou diminye envestisman kapital la, ansanm avèk depans pou fonksyonman, e tousa pèmèt konsòsyòm nan kreye batri ki non sèlman bay bon pèfòmans, men ki trè ekonomik tou an konparezon ak batri ki soti Lazi.”

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, “Southern Tier ap tounen yon sant pou rechèch, inovasyon ak fabrikasyon depwent, e desizyon Imperium3 NY pou etabli yon gwo faktori nan Endicott, se yon lòt endikatè avni briyan rejyon an. Pwojè sa a pral kreye plizyè santèn djòb, e nou kontan anpil pou wè yon konsèp ki te devlope isit la pral komèsyalize isit la menm, nan Rejyon Nò Eta New York.”

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, “Nouvo konsòsyòm sa a se yon gwo etap pou ede New York atenn objektif batan pou enèji pwòp Gouvènè Cuomo yo; I ap soutni non sèlman endistri emèjant sa a, men egalman konpayi ki fèk ap parèt. Youn nan rezon ki fè Konpetisyon ‘76West Clean Energy’ egziste, se pou pèmèt konpayi devlope biznis yo e kreye djòb nan Southern Tier. Nou kontan C4V gen yon wòl santral nan pwojè sa a, e osen ekosistèm enèji pwòp Southern Tier la.”

Tom Tranter, ki se Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier lan (Southern Tier Regional Economic Development Council, STREDC), Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Corning Enterprises ak Harvey Stenger, Prezidan Binghamton University, te deklare, “STREDC fyè pou renouvle angajman nou pran anvè inovasyon avèk pwojè tankou konsòsyòm Imperium3. Efò sa a pral sèvi pou bay resous ki nesèsè yo, chèchè ak antreprenè k ap travay pou avanse endistri batri a. Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York etabli tèt li kòm yon lidè nan lemond nan kad endistri sa a k ap devlope.”

Anons sa a nan menm lanse avèk travay enpòtan ki deja ap fèt nan Eta New York nan domèn stokaj enèji ak endistri batri depwent. Pi bonè ane sa a, NYSERDA te fè 22 milyon dola vin disponib avèk de (2) demann pou pwojè stokaj enèji, nan kad envestisman alontèm Eta New York nan sektè stokaj enèji a. An 2010, yo te kreye Konsòsyòm New York Battery and Energy Storage Technology (NY-BEST), avèk sibvansyon ki te soti nan NYSERDA pou plase Eta New York kòm yon lidè mondyal nan teknoloji stokaj enèji; sa te gen ladan aplikasyon pou transpò, stokaj rezo, ak elektwonik depwisans. Manm NY-BEST yo - pifò ladan se antite ki chita Eta New York - divès anpil e gen ladan fabrikan, enstitisyon akademik, founisè enèji, gaz, ak dlo, devlopè teknoloji ak materyèl, konpayi ki fenk ap parèt, antite gouvènman, sosyete enjenyè, epitou entegratè ak itilizatè final sistèm yo. NY-BEST jwe wòl yon konektè enpòtan pou etabli yon gwo “ekosistèm” stokaj enèji ki kouvri tout etap nan devlopman pwodui ak itilizasyon stokaj enèji.

Yon rapò ki soti nan NYSERDA nan mwa Janvyè te montre te vin gen plis travay nan sektè stokaj enèji Eta a, avèk apeprè 3,900 djòb - yon ogmantasyon 30 pousan de 2012 a 2015. Angajman New York pran anvè enèji pwòp te ede soutni gwo kwasans, sa ki te mennen tou revni endistriyèl pa ane ke yo estime a 906 milyon dola pandan menm peryòd tan; sa se yon ogmantasyon 50 pousan.

Doktè William Acker, Direktè Egzekitif Konsòsyòm New York Battery and Energy Storage Technology (NY-BEST), di konsa,“Endistri akimilatè ak stokaj enèji an ap grandi rapidman, e se kous n ap fè pou anvayi mache batri depwent la, ki laj anpil e ki kontinye ap grandi, ansanm ak tout djòb li mennen. Soutyen ak lidèchip Gouvènè Cuomo te ede Eta New York etabli tèt li kòm yon lidè nan enèji pwòp epi, kòm anons jodi a demontre, se ideyal pou devlope, komèsyalize e fabrike nouvo batri ak teknoloji stokaj enèji.”

Senatè Tom O’Mara, Direktè Sena Komite pou Konsèvasyon Anviwònmanal (Senate Environmental Conservation Committee), te di, “Eta New York ap kontinye jwe yon wòl lidè nan rechèch ak devlopman teknoloji avanse, inovatè, ki gen avantaj sou konkirans la. Nou apresye lefètke Gouvènè Cuomo rekonèt rejyon Southern Tier la nan yon bon pozisyon pou kontinye mennen eta a sou tèren sa a. Envestisman san souf sa yo pote pwomès opòtiite ekonomik enteresan ak kwasans onivo travay pou tout rejyon an.”

Senatè Fred Akshar te di, “Campus Huron nan Endicott se kote ideyal pou kontinye tradisyon inovasyon ak teknoloji kominote nou an pou plizyè deseni k ap vini. Mwen bat bravo pou jan konpayi Southern Tier ak patnè yo, Empire State Development ak Gouvènè Cuomo, travay di pou pase de yon etap a yon lòt e fè sa tounen yon reyalite pou moun ki nan Southern Tier.”

Manm Asanble Donna Lupardo te di, “Nan istwa Southern Tier, li te toujou atire nouvo lide ak biznis ak djòb ki vini avèk yo. Gouvènè an ak Lejislati a ap travay ansanm, ki vle di Rejyon Nò Eta New York la ap atire biznis inovatè tankou Imperium. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a pou angajman san souf li pran anvè pwojè sa yo k ap ede transfòme ekonomi lokal nou an.”

Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare, “Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, ekonomi Southern Tier la ap transande yon fason li pa t janm fè sa anvan, gras a envèstisman entelijan nan pwèn fò lokal yo ak endistri emèjant. Desizyon Imperium pou rete e investi isit la, se prèv pozitif ke estrateji devlopman ekonomik Gouvènè a pote fwi e bay rezilta reyèl pou moun New York.”

Akselere “Southern Tier Soaring”

Anons jodi a vin konpleman pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 3.1 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsònèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè “Southern Tier Soaring” ak yon envèstisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Nò Eta la, jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418